

## LABUHAN

Manungsa gadhah sipat religius. Pramila manungsa tansah kepingin ngaturaken manuji syukur dhumateng Gusti Allah. Manungsa ugi kelebet makhluk social. Pramila manungsa ugi tansah kepingin gesang sesandhingan kaliyan manungsa sanesipun, alam, saha makhluk sanesipun. Kanthi mekaten gesaning manungsa saged tembayatan kaliyan alam, manungsa, makhluk sanesipun linambaran daya releigious (kapitadosan dhumateng Gusti saha makhluk gaib sanesipun).

Labuhan satunggal adat Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat minangka wahyaning sipat-sipating manungsa kasebat. Sanajan ing jaman modern malah kepara canggih, labuhan taksih katindakaken dening kraton, malah ugi boten sakedhik ingkang pitados dhateng daya magising labuhan. Kathah tiyang ingkang samya rawuh ing adicara labuhan, wonten ingkang nyengkutyung upacara, wonten namung ningali, ugi wonten ingkang badhe “ngalab berkah”. Malah labuhan samenika dados ajanging pariwisata. Kathah tiyang ingkang samya ningali labuhan (wisatawan domestik saha manca negari).

Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat nindakaken sekawan labuhan inggih menika:

1. Labuhan Gunung Merapi
2. Labuhan Samodra Kidul (Parangkusumo),
3. Labuhan Gunung Lawu
4. Labuhan Dlepih Kahyangan ing Wonogiri

Labuhan katindakaken saben tahun. Labuhan Gunung Mrapi, Samodra Kidul, saha Gunung Lawu katindakaken setunggal taun sepisan, dene Labuhan Dlepih Khayangan setunggal windu sepisan (8 tahun sepisan). Labuhan 1-3 ingkang katindakaken saben taun kawastanan labuhan alit. Dene labuhan 1-4 ingkang katindakaken 8 taun sepisan (1 windu) ing taun Dal kawastanan labuhan agung.

Labuhan ing Gunung Lawu kapisungsungaken dhumateng Sunan Lawu, Labuhan Gunung Mrapi kapisungsungaken dhumateng Eyang Sapujagad, Eyang Merapi, saha Eyang Permadi minangka panguwasa Kraton Merapi. Labuhan Samodra Kidul kapisungsungaken dhumateng Nyai Rara Kidul minangka panguwaos samodra kidul. Kraton Gunung Merapa saha Samodra Kidul sampun sami golong gilig nyengkuyung adeging Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat sarta ingkang ngasta ratu ngantos tedhak turunipun amrih mawujudipun katentreman, karaharjan, sarta kamulyan raja miwah kawula ing Ngayogyakarta.

### A. Labuan Gunung Lawu

Kacariyos taun 1478 Raja Girindrawardana saking Keling ngrabasa ing Majapahit. Majapahit kawon lajeng mlajar dhateng Gunung Lawu. Prabu Brawijaya V dipundherekaken abdi kinasih Sabdapalon saha Nayagenggong tumuju dhateng Gunung Lawu (wates antawisipun Jawa Tengah kaliyan Jawa Timur). Angkahipun pados pepajar amrih kombulipun Kraton Majapahit malih. Nalika tapa, Prabu Brawijaya V muksa. Muksanipun Prabu Brawijaya V lajeng sinebat Sunan Lawu. Kasulatanan Ngayogyakarta minangka tedhak turuning Kraton Majapahit lajeng ngaturaken pisungsung kanthi nindakaken labuhan. Prabu Brawijaya V menika leluhuripun Kraton Ngayogyakarta pramila saben taun kraton Ngayogyakarta ngaturaken pisungsung ingkang sinebat labuhan.

Utusan saking Kraton Ngayogyakarta rawuh dhateng Dusun Nano katampi juru kunci (mesanggrah rumiyin). Wekdal sonten katindakaken slametan, donga sesarengan kaliyan para warga dhusun. Lajeng minggah dhateng Gunung Lawu sinebat Arga Dalem.

Paraga labuhan kaperang dados kalih:

- a. Kasepuhan wonten ingkang ngasta:
  1. 1 nyamping poleng/parang
  2. 1 dhestar bangun tulak
  3. 1 sabuk warni ambrit
  4. 1 sabuk emas
- b. Pendhereka wonten ingkang ngasta:
  1. 1 nyamping cangkring
  2. 1 nyamping gadhung
  3. 1 nyamping teluh watu
  4. 1 nyamping dringin
  5. 1 kemben
  6. 1 gendul parfum
  7. 1 body lotion
  8. 1 paket dupa menyan
  9. 1 paket dupa wangi
  10. arta

### B. Labuhan Gunung Merapi

Labuhan Gunung Merapi, kangge Eyang Sapujagad, katindakaken awit janjinipun Panembahan Senapati. Saderengipun dados ruh leluhur ngratoni Gunung Merapi, Eyang Sapujagad inggih menika Ki Juru Taman, abdi dalem Panembahan Senapati. Sawijing dinten Ki Juru Taman dipunsukani “endhog jagad” dening Panembahan Senapati. Saleresipun endhog jagad paringanipun Kanjeng Ratu Kidul. Sasampunipun nedha endhog jagad, Ki Juru Taman ical

musna ados alusan. Dening Panembahan Senapati, Ki Juru Taman kadhawuhan mapan wonten ing Gunung Merapi njagi Gunung Merapi supados boten ngamuk (njeblog) sewanci-wanci. Minangka tetimbanganipun saben tahun Kraton Ngayogyakarta nindakaken pisungsung labuhan. Ki Juru Taman lajeng kondhang kasebat Eyang Sapujagad.



Donga ing Labuhan Merapi

Inggang kaasta ing Labuhan Merapi sami kaliyan Labuhan Lawu. Utusan Dalem bidhal tumuju dhateng Dhusun Kinahreja kanthi juru kunci Mbah Marijan utawi Mas Ngabehi Suraksaharga. Tabuh 4 enjing utusan lajeng minggah pucuk Kendhit (kirang langkung 2,5 jam). Sedaya ubarampe lajeng kalabuh.



Bidhal Labuhan Merapi

### C. Labuhan Samodra Kidul

Labuhan ing samodra kidul katindakaken ing gisik samodra (*pantai*) Parangkusuma. Wonten ing papan menika wonten watu karang ingkang sinebat Sela Gilang. Manut cariyos ing Sela Gilang menika kawitanipun Panembahan Senapati pinanggih kaliyan Kanjeng Ratu Kidul. Ing papan menika dumados golong giliging rembag (*MoU: memory of Understanding*) antawisipun Kraton Kidul kaliyan Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Isinipun inggih menika Kraton Kidul badhe mbyantu jejeging Kraton Ngayogyakarta

saking Panembahan Senapati ngantos tedhak turunipun. Kajawi menika ugi wonten rajuting asmara antawisipun Ratu Kidul kaliyan Panembahan Senapati ngantos tedhak turunipun.



Labuhan ing Samodra Kidul

**Para pengageng ngasta:**

1. 2 nyamping cindhe sekar
2. 1 semekan ijo gadhung
3. 1 semekan bangun tulak
4. 1 semekan jambon
5. 1 semekan papasan mateng (biru seouh sarta abrit ing tengahipun)
6. 1 semekan gadhung mlathi( ijo tengahan putih)
7. 1 semekan dringin (kuning tengahan warna emas)
8. 1 pakaian cangkring
9. 1 gendul parfum
- 10.1 wadhah body lotion
- 11.1 paket dupa
- 12.1 paket dupa wangi
- 13.1 tas alit isi arta



Manekawarna semekan agemaning wanita

**Pendherak wonten ingkang ngasta:**

1. 1 sabuk abrit miwah kemas
2. 1 sabuk soklat tengahan jenar

3. 1 sabuk ijem tengahan pethak
4. 1 sabuk dringin tengahan kuning emas
5. 1 nyamping poleng
6. 1 nyamping tuluh watu
7. 1 sabuk bangun tulak
8. 1 paket dupa
9. 1 gendul parfum
- 10.1 wadhah body lotion
- 11.1 paket dupa wangi
- 12.1 tas alit isi arta
- 13.2 paket kembang
- 14.2 kotak akit isi pagasan rikma saha kuku Sultan
- 15.2 baki kayu
- 16.1 keset samparan, kuluk, payung.

Caranipun:



Labuhan Samodra Kidul

Labuhan dipunwiwiti ing Pendhapa Kecamatan Kretek, Bantul 3 km saking gisiking samodra. Ubarampe kabekta dhateng Cepuri Parangkusuma. Lajeng katata ing Pendaha Parangkusumo, tigang tandhu bambo isi ubarampe. Papan menika wonten sela karang ingkang sinebat sela gilang, papan patemon Panembahan Senapati kaliyan Kanjeng Ratu Kidul. Puji pandonga kawiwitan. Ing wanci siyang ngajengaken bedhug, sedaya ubarampe ing jodhang katandhu lajeng kalabuh ing segara kidul. Para abdi dalem, wisawatan samya rebutan ngalap berkah kagungan Ngarsa Dalem.






Labuhan ing Samodra Kidul

#### D. Labuhan Pripih Kahyangan

Manut cariyos ing Dusun Kahyangan Kalurahan Dlepih, Kecamatan Tirtomoyo Kabupaten Wanagiri menika papanipun para raja ingkang samya tarak brata kadosta Sultan Agung Hanyakrakusuma. Rumiyan Kahyangan papan ingkang endah awit alas ingkang ijo royo-royo miwah wonten lepen Dlepih. Danang Sutawijaya ugi mertapa ing Kahyangan. Ing Kahyangan menika Danang Sutawijaya nampi wahyu kraton. Ing Kahyangan menika wonten papan ingkang kaanggep angker inggih menika sela gilang utawi sela pasalatan. Ing sela menika Danang Sutawijaya ugi damel prajanjian kaliyan Kanjeng Ratu Kidul kanthi sesarengan mangun pamarentahan ing tanah Jawi (Mataram). Ing papan menika saben setunggal windu katindakaken labuhan dening Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Labuhan setunggal windu sepisan sinebat labuhan agung. Ing papan menika saben malem Selasa Kliwon utawi Jumat Kliwon wulan Sura Pemda Wonogiri nindakaken sedhekah bumi kalajengaken pagelaran ringgit purwa sedalu natas. Sedaya kalawau minangka pamuji syukur saking nikmating Gusti miwah kanthi pangajab mugi warga Wonogiri tansah manggih kamulyan, karaharjan, kalis saking sambekala.



Kahanan saha lepen Dlepih

### E. Ringkesan

Kraton Ngayogyakarta nindakaken sekawan labuhan inggih menika labuhan Gunung Lawu, Gunung Merapi, Labuhan Parangkusuma, saha labuhan Dlepih Wanagiri. Inggang baku labuhan minangka atur pamuji syukur dhateng Gusti inggang akarya jagad, saha tinebihaken saking tumindak syirik. Malah samenika upacara labuhan kangge sarana pariwisata.

### F. Pirembagan

1. Menapa sebabipun Kraton Ngayogyakarta nindakaken upacara labuhan?
2. Kadamelna sekar macapat inggang isinipun sekawan labuhan inggang katindakaken Kraton Ngayogyakarta!
3. Kados pundi caranipun amrih labuhan saged minangka pariwisata inggang monjo?
4. Menapa kemawon manfangatipun labuhan?
5. Kados pundi pamanggih panjenengan menggah labuhan ing jaman samenika?

### DAFTAR PUSTAKA

Abdi Dalem Keraton Yogyakarta Labuhan di Parangtritis. 2010.

<http://www.antaraneews.com/>

Javanologi. 2009. Lembaga Javanologi Yogyakarta Gelar Ruwatan.

<http://www.antaraneews.com/>

Javanologi. 2010. Ruwatan Bersama XX Tahun 2010 Lembaga Javanologi

Yogyakarta. <http://www.bpsnt-jogja.info/>

Arief, Yan. Prosesi Labuhan Alit Kraton Yogya di Parangkusumo.

<http://mycityblogging.com/>

<http://maskarebet.blogdetik.com/>

Kahyangan. 2010. <http://www.pariwisata.wonogirikab.go.id/>

Ki Taryono. 2009. [Gaya Ruwat Ki Taryono. http://ki-taryono.blogspot.com/](http://ki-taryono.blogspot.com/)

Kurniawan, Yuda. 2009. Tradisi Labuhan Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat sebagai Wujud Upacara Sakral sekaligus Usaha Pelestarian Budaya di Tengah Modernisasi. <http://yudakurniawan.multiply.com/>

*Kurniawan, Yuda. 2010. Upacata Tradisi Labuhan Keraton NGayogyakarta Hadiningrat.* <http://yudakurniawan.multiply.com/>

Labuhan Pantai Selatan .2005. <http://www.trulyjogja.com/>

Maskarebet. 2010. Mengenal Ruwatan.. <http://maskarebet.blogdetik.com/>

Negoro, Suryo S. The Labuhan Ceremony of Karaton Yogyakarta  
<http://www.joglosemar.co.id/>

Pertapaan Kahyangan Dlepih. 2009. <http://chafidibnuabdillah.blogspot.com/>

*Ruwatan Bumi Tamansiswa. 2010.* <http://cahandong.org/>

Sudaryono. 2007. Labuhan Alit, Peringatan Ulang Tahun Raja  
<http://www.indosiar.com/>

*Suganda, Mawan. 2008. Ruwatan Kisah Mutwakala.* <http://mystys.wordpress.com/>

Waskita, Daru. 2010. Keraton Yogyakarta Gelar Labuhan Ageng di Pantai Parangkusumo . <http://trijayafmyogyakarta.com/>

Wijna. 2009. Ruwatan Massal di Kulon Progo. <http://wijna.web.id/>

Wulan, Mawar Kusuma. 2010. Adat Tradisi Ruwatan Sukerto Makin Diminati  
<http://regional.kompas.com/>



